

KHUTBAH JUMAT (BAHASA SUNDA) SYUKUR NIKMAT KAMERDEKAAN

<https://pcnucilacap.com/syukur-nikmat-kamerdekaan-khutbah-jumat-bahasa-sunda/>

أَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي لَا شَرَفَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ إِلَّا شَرَفَ طَاعَتِهِ فِيمَا نَهَى وَأَمَرَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، ائْتِقُوا اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتُمْ وَإِنَّ الْجَنَّةَ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ. وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ: وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكُمْ لَئِن شَكَرْتُمْ لَأَزِيدَنَّكُمْ وَلَئِن كَفَرْتُمْ إِنَّ عَذَابِي لَشَدِيدٌ

Hadirin jamaah jum'ah rahimakumullah

Langkung tipayun mangga urang sasarengan sanggakéun puji miwah syukur ka dzat nu Maha Agung Allah SWT., anu parantos maparingan nikmat kamerdekaan ka urang sadaya khususna bangsa Indonesia. Sholawat miwah salam mugia salamina didugikeun ka jungjunan urang kangjeng Nabi Muhammad SAW, miwah kakulawargina, para sahabatna, tabiit-tabiin sareng sadaya anu tumut sareng tunduk ajaran manténna.

Hadirin rahimakumullah

Ayat al-Qur'an anu pakait sareng perkawis syukur seuéur pisan diuningakéun dina al-Qur'an, salah sawiosna nyaeta ayat anu di unggelkeun dina surat Luqman ayat 12, Allah SWT midawuh:

وَلَقَدْ آتَيْنَا لُقْمَانَ الْحِكْمَةَ أَنْ اشْكُرْ لِلَّهِ وَمَنْ يَشْكُرْ فَإِنَّمَا يَشْكُرُ لِنَفْسِهِ وَمَنْ كَفَرَ فَإِنَّ اللَّهَ غَنِيٌّ حَمِيدٌ

Hartosna: "Jéung sayaktosna Kami géus mere hikmah ka Luqman nyaéta: "Kudu syukuran ka Allah, sareng saha baé jalma anu syukuran ka Allah, maka sayaktosna manéhna geus syukuran kadirina."



وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكُمْ لَئِن شَكَرْتُمْ لَأَزِيدَنَّكُمْ وَلَئِن كَفَرْتُمْ إِنَّ عَذَابِي لَشَدِيدٌ

Hartosna: "Jéung kudu inget dina waktos pangéran anjeun méré terang. Sayakstosna lamun anjeun syukuran, pasti kami bakal nambah nikmat ka anjeun, jeung lamun kupur kana nikmat tikami maka sayaktosna siksa kami leuwih nyeuri."

Hadirin rahimakumullah

Imam Al-Junaidi nyebutkeun: yén nu disebut syukur téh nyaéta "Teu ngamusyrikeun ka Allah dina sadaya kanikmatan ti manténna.

Nyakitu deui Imam Al-Qosimi nyebutkeun syukur teh nyaéta: "Hiji kalimat nu bisa ngahimpun sakabéh urusan nu digiring pikeun kabagjaan di dunya jeung akherat, jeung ngerahkeun sagala nikmat nu tos di anugrahkeun kahiji hamba-Na pikeun ibadah'.

Hadirin rahimakumullah

Dina tafsir Al-Qosimi disebutkeun yén syukur teh diadegkeun atawa diwangun dina lima dasar, nyaeta:

Tundukna hiji jalma ka dzat anu disyukurana, lamun jalma ngaku yen dirina syukur ka Allah tapi teu aya rasa tunduk ka dzat nu disyukuranna, maka syukurna bohong.

Mikacinta ka dzat nu disyukuranna, sagala parentah nu datangna ti Allah rek beurat, rek masyakat, sakabehna dijalankeun. Nyakitu deui sagala panyegahna sok sanajan pikabitaen, ngeunah karasana, eta sakabehna kudu di jauhkan sarta disinglarkeun.

Ngaku kana sagala kanikmatan anu dipasihkeun ku manténna, moal aya hiji kanikmatan nu dianugrahkeun ka hambana iwalti sadayana karunia manténna.

Muji kana sagala kanikmatan Allah, sagala nu dipasikeun ka urang sadaya nu diciptakeun moal aya nu batal hiji oge, sabab sadaya aya dina rencana Allah SWT.

Téu digunakeun éta kanikmatan dina perkara nu teu dipikaridlo ku Allah SWT, sabab lamun urang ngagunakeun kanikmatan lain dina jalan anu dipikaridho ku Allah SWT, berarti urang geus kufur kana kanikmatan, nu bakal jadi sabab meunangna bebendu ti Allah SWT sakumaha pidawuhna:



وَلَعِنَ كَفْرُكُمْ إِنَّ عَذَابِي لَشَدِيدٌ

Hartosna : “Lamun aranjeun kupur sayaktosna siksa kami leuwih séeur”

Hadirin rahimakullah

Lima prinsip nu kasebat nembé diluhur, mangrupikeun dadasarna syukur tina sagala kanikmatan nu dipaparinkeun ka urang sadaya. Lamun diantara prinsip tadi teu aya, mangka pengakuan syukurna kudu dipertanyakeun. Satiap jalma nu nyaritakeun syukur pasti bakal ngait kana kanikmatan – kanikmatan, nu kanikmatan éta moal bisa kaitung. Sakumaha pidawuh Allah SWT:

وَإِنْ تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللَّهِ لَا تُحْصُوهَا

Hartosna : “Lamun anjeun ngitung-ngitung kana nikmat ti Allah tangtu anjeun moal bisa ngitung-ngitungna.”

Hadirin rahimakumullah

Pamungkas, mudah-mudahan Allah SWT masihan kakiatan ka urang sadaya tiasa syukuran kana nikmat kamerdekaan ieu utamina deui nikmat iman, islam ogé ihsan. Amin.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَةٍ وَذِكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلَ اللَّهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ وَإِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ، وَأَقُولُ قَوْلِي هَذَا فَاسْتَغْفِرِ اللَّهُ الْعَظِيمِ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِرْغَامًا لِمَنْ جَحَدَ بِهِ وَكَفَرَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ سَيِّدَ الْخَلَائِقِ وَالْبَشَرِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ



:عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْمَحْشَرِ. أَمَّا بَعْدُ
فِي أَيَّهَا الْحَاضِرُونَ. أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. وَافْعَلُوا الْخَيْرَ وَاجْتَنِبُوا

عَنِ السَّيِّئَاتِ

وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَابَهَ لِتَكَةِ الْمَسْبُوحَةِ بِقُدْسِهِ. فَقَالَ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ
الْكَرِيمِ أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى
النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. فَأَجِيبُوا اللَّهَ إِلَى مَا دَعَاكُمْ وَصَلُّوا وَسَلِّمُوا
عَلَى مَنْ بِهِ هَدَاكُمْ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ. وَعَلَى
التَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. وَارْضَ اللَّهُ عَنَّا
بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ
مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ. اللَّهُمَّ انصُرْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اصْلِحْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ انصُرْ أُمَّةَ
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ انصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ. وَاحْذِلْ مَنْ خَذَلَ الدِّينَ. وَاجْعَلْ بَلَدَتَنَا
إِنْدُونِيسِيَا هَذِهِ بِلْدَةً تَجْرِي فِيهَا أَحْكَامُكَ وَسُنَّةُ رَسُولِكَ يَا حَيُّ يَا قَيُّوْمُ. يَا لَهْنَا وَإِلَهَ كُلِّ
شَيْءٍ. هَذَا حَالُنَا يَا اللَّهُ لَا يَخْفَى عَلَيْكَ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلَاءَ وَالْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ
وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوفَ الْمُخْتَلِفَةَ وَالشَّدَائِدَ وَالْمَحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ مِنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً
وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَهْلِكَ الْكُفْرَةَ وَالْمُنْتَدِعَةَ
وَالرَّافِضَةَ وَالْمَشْرِكِينَ وَدَمَرَ أَعْدَاءَ الدِّينِ. وَاجْعَلِ اللَّهُمَّ وَلَايَتَنَا فِيمَنْ خَافَكَ وَاتَّقَاكَ
رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ
رَؤُوفٌ رَحِيمٌ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ
الْعَالَمِينَ



فيا عباد الله ان الله يأمر بالعدل والاحسان وايتاء ذى القربى وينهى عن الفحشاء والمنكر ولذكر
الله أكبر

Penyelasar Bahasa ku Imam Hamidi Antassalam. Disusun ku: Jamal Shidiq, S.Pd.I. Dikaluarkéun ku: Seksi Bimas Islam, Kementerian Agama Kota Banjar Jawa Barat. (Tim Redaksi NU Cilacap Online).

